# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–11 मई 2026** **भोजपुरी समाचार**

गुजरात के विश्व प्रसिद्ध सोमनाथ मंदिर के पुनर्निर्माण के पचहत्तर बरिस पूरा भइले के उपलक्ष्य में आठ मई से आयोजित सोमनाथ स्वाभिमान पर्व के मुख्य कार्यक्रम में आजु प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोमनाथ महादेव मंदिर में बिसेस महापूजा कइलें। उहां के सोमनाथ मंदिर के सिखर पर कुंभाभिषेक कइलीं। श्री मोदी ध्वजारोहण समारोहो में सामिल भइलीं। येह मौका पर मुख्य समारोह के सम्बोधित करत प्रधानमंत्री कहलें कि सोमनाथ मंदिर अटूट आस्था दिव्यता आ देस कै सास्वत आत्मा क प्रतीक हौ।

**यहां देख रहा हूं विनाश में सृजन के संकल्प को, जिसे सोमनाथ ने चरितार्थ किया है। मैं यहां देख रहा हूं, असत्य पर सत्य की विजय को, जिसे प्रभास पाटन ने बार–बार जिया है। मैं यहां देख रहा हूं हजारों वर्षों की अध्यात्मिक चेतना को, जिसने मानव मात्र के कल्याण की सीख समूचे विश्व को दी है। मैं यहां देख रहा हूं भारत के उस अविनाशी स्वरूप को जिसे सदियों के कुत्सित प्रयास भी न मिटा सके, न हरा सके।**

ओहर, सोमनाथ स्वाभिमान पर्व के मौका पर आजु वाराणसी में सोमनाथ संकल्प महोत्सव क आयोजन कइल गइल। येह मौका पर राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोमनाथ से आइल जल से काशी विश्वनाथ मंदिर में जलाभिषेक कइलें।

एकरे बाद उहां के सोमनाथ मंदिर गुजरात में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क मौजूदगी वाले मुख्य कार्यक्रम क सजीव प्रसारण देखलीं। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि प्रधानमंत्री के प्रेरणा से हमी सब 'एक भारत–श्रेष्ठ भारत' के संकल्पना के साकार होत देखि रहल हईं। मुख्यमंत्री कहलें कि भारत के सनातन संस्कृति पर आक्रमण त हो सके ला बाकिर ओके हरावल नाही जा सके ला।

**जिन्होंने सनातन को मिटाने का प्रयास किया,आज वह स्वयं मिट्टी में मिल चुके हैं,आज उन आक्रांताओ का नाम लेने वाला कोई नही है, लेकिन काशी विश्वनाथ धाम हो या सोमनाथ महादेव का मंदिर ये दोनों भारत के गौरव का प्रतीक बनकर के भारत के स्वाभिमान की गाथा को आगे बढ़ा रहे हैं।**

**********

प्रदेस क उच्च शिक्षा मंत्री योगेन्द्र उपाध्याय कहले हवें कि सरकार विश्वविद्यालयन के तर्ज पर डिग्री कॉलेजनों के राष्ट्रीय आ अंतर्राष्ट्रीय स्तर क रैंकिंग दियवले के दिसा में काम करी। एकरे खातिर डिग्री कॉलेजन के प्राचार्यन क कार्यसाला आयोजित कइल जा रहल हौ। विधानसभा परिसर में आजु पत्रकार लोगिन से बतियावत उच्च शिक्षा मंत्री बतवलें कि कॉलेजन में छात्र संख्या बढ़ावे, नया शिक्षा नीति के तरियन पाठ्यक्रम विकसित कइले आ रोजिगारपरक शिक्षा के बढ़ावा दिहले पर सरकार क खास जोर बा।

**********

केंद्र सरकार विकसित भारत जी राम जी– गारंटी फॉर रोजगार आ आजीविका मिशन–ग्रामीण अधिनियम, दुइ हजार पचीस के क्रियान्वयन बदे अधिसूचना जारी कइ दिहले हौ। ई अधिनियम येह बरिस पहिला जुलाई से देस भर में लागू हो जाई। एगो रिपोर्ट–

**विकसित भारत–जी राम जी अधिनियम, बीस साल पुराने महात्मा गांधी राष्ट्रीय ग्रामीण रोजगार गारंटी अधिनियम 2005 की जगह लेगा। इस नए अधिनियम का उद्देश्य, एक वित्तीय वर्ष में रोजगार गारंटी को सौ दिनों से बढ़ाकर एक सौ पच्चीस दिन करना है। इसके अलावा यह अधिनियम समय पर मजदूरी के साथ–साथ पारदर्शी और जवाबदेह भुगतान पर जोर देता है। यदि निर्धारित समय के भीतर किसी को काम उपलब्ध नहीं कराया जाता है, तो इस नए अधिनियम में बेरोजगारी भत्ता देने का भी प्रावधान है। विकसित भारत–जी राम जी अधिनियम ग्रामीण अर्थव्यवस्था को सशक्त करने, रोजगार के नए अवसर पैदा करने और गांव के समग्र और सतत विकास को गति देने में महत्वपूर्ण भूमिका निभाएगा। दीपेंद्र कुमार, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय क संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कै पेट्रोल–डीजल के बचत से जुड़ल अपीलि पर लोगिन से धियान देवे के कहले हइनि। पश्चिम एशिया संकट के देखत नई दिल्ली से उहां के ईंधन बचत के जरिये देस के आर्थिक बोझ के कम कइले पर खास जोर दिहलीं।

***मैं आप लोगों से कहना चाहूंगी कि माननीय प्रधानमंत्री जी ने देश सभी लोगों से आग्रह किया है कि पेट्रोल और डीजल की खपत कम करें, जहां भी संभव को मैट्रो और सार्वजनिक परिवहन का उपयोग करें। कार पूलिंग का विकल्प चुनें। रेलवे एज मोड ऑफ ट्रॉस्पोटेसन फॉर गुड्स को प्रेफर करें और जहां भी संभव हो इलेक्ट्रीक वाहनों का उपयोग बढ़ायें आईये हमसब मिलकर हम अपने दैनिक उपयोग में ऊर्जा को बचाने के लिए हर संभव प्रयत्न करें ताकि देश पर पड़ रहे आर्थिक भार को कम किया जा सके।***

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी जिलन में बिहने आ तेरह मई के कहीं–कहीं बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ।

**********